Казбек районалъул газета
# Чапар
Вестник

12+ 27 (9938) 14 июль 2023 с. / Рузман 26 Зуль-хIиджа 1444 с./ багьа-эркенаб redakciya-chapar@mail.ru

## Постановление

06.07. 2023 г. № 82

**О социальной поддержке семей военнослужащих, проходящих (проходивших) военную службу в Вооруженных Силах Российской Федерации и принимающих (принимавших) участие в специальной военной операции**

В соответствии с Федеральным законом Российской Федерации от 29.12.2012 года № 273-ФЗ *«Об образовании в Российской Федерации», Указом Президента Российской Федерации от 21.09. 2022 № 647 «Об объявлении частичной мобилизации, в Российской Федерации»,* Законом Республики Дагестан от 02.06,2023 № 54 *«О дополнительных мерах социальной поддержки граждан Российской Федерации, призванных на военную службу по мобилизации в Вооруженные Силы Российской Федерации, а также граждан Российской Федерации, принимающих участие в специальной военной операции на добровольной основе, и членов их семей»,* руководствуясь Уставом Муниципального района «Казбековский район», администрация муниципального района,

**ПОСТАНОВЛЯЕТ:**

1. Установить, что в отношении членов семей военнослужащих, лиц, проходящих (проходивших) службу в войсках национальной гвардии Российской Федерации и имеющих специальное звание полиции, граждан, добровольно принимающих (принимавших) участие в специальной военной операции, а также членов семей граждан Российской Федерации, призванных на военную службу по мобилизации в Вооруженные Силы Российской Федерации в соответствии с Указом Президента Российской Федерации от 21.09.2022 № 647 *«Об объявлении частичной мобилизации в Российской Федерации»* (далее - военнослужащие), не взимается родительская плата за присмотр и уход за детьми граждан Российской Федерации, призванных на военную службу по мобилизации в Вооруженные Силы Российской Федерации, обучающихся во всех муниципальных дошкольных образовательных организациях и дошкольных группах образовательных организаций муниципального района «Казбековский район».

2. Признать постановление администрации МР «Казбековский район» №97 от 11. 08.2022 года утратившим силу.

3. Опубликовать настоящее постановление в районной газете *«Чапар»,* а также разместить его на официальном сайте администрации муниципального района в информационно-телекоммуникационной сети *«Интернет».*

4. Направить настоящее постановление в министерство юстиции РД для включения в регистр муниципальных нормативных правовых актов в установленный законом срок.

5. В течение 15 дней после дня принятия направить постановление в прокуратуру района для проведения антикоррупционной экспертизы и проверки на предмет законности.

6. Контроль за исполнением настоящего постановления возложить на первого заместителя главы администрации Шабазова И.И.

7. Настоящее постановление вступает в силу с момента его подписания.

***Глава муниципального района «Казбековский район» Г.Г. Мусаев***

## Постановление

06.07. 2023 г. № 83

с. Дылым

**«О проведении фестиваля Всероссийского физкультурно-спортивного комплекса «Готов к труду и обороне» (ГТО) среди трудовых коллективов, государственных, гражданских и муниципальных служащих**

В целях повышения эффективности использования физической культуры и массового спорта для укрепления здоровья населения, гармоничного и всестороннего развития личности совершенствования методик мотивации граждан, осуществляющих трудовую и профессиональную служебную деятельность, к ведению здорового образа жизни и систематическим занятиям физической культурой и спортом администрации МР «Казбековский район»,

**ПОСТАНОВЛЯЕТ:**

1. Провести 19 июля 2023 года 10:00 на базе Дылымского лицея, фестиваль Всероссийского физкультурно-спортивного комплекса *«Готов к труду и обороне»* ГТО среди-трудовых коллективов, государственных гражданских и муниципальных служащих МР «Казбековский район»;

2. Обеспечить участие команд от всех организаций и учреждений муниципального района;

3. Контроль за исполнением настоящего постановления оставляю за собой.

***Глава муниципального района «Казбековский район» Г.Г. Мусаев***

## Иргадулаб данделъи тIобитIана

11 июлалда районалъул администрациялда тIобитIана аппараталъул иргадулаб данделъи. Районалъул бетIер ХI.ХI. Мусаевасул нухмалъиялда тIобитIараб гьеб тадбиралда гIахьаллъана администрациялъул, учреждениябазулгун организациябазул жавабиял хIалтIухъаби ва росабазул бутIрул.

Гьеб тадбиралъул хал гьабиялде росарал суалазул аслияллъун рукIана районалъул администрациялъ гьаб соналъул тIоцебесеб бащдаб лъагIалида гьаризе рихьизарурал ишазул план тIубаялда, республикаялъул ва районалъул бутIрузул тIадкъаял



тIуразариялъулъ гIадлу-низам, захIматалъул къагIидаби цIуниялда ва территориалияб планированиялъул схема хIадур гьабиялда хурхарал суалал.

ТIоцебесеб суалалда тIасан гIатIидаб кIалъай гьениб гьабуна районалъул администрациялъул аппараталъе нухмалъулей Марьям-Асият ХIамзатовалъ. Гьелъ, мухIкан гьабун ва цифрабаздалъун, данделъаразе бицана тIадехун рехсараб план ва республикаялъул бетIерасул тIадкъаял тIуразариялъул, гьезие жавабал кьеялъулъ риччарал гIунгутIаби сабаблъун, гьел тIадруссинариялъулгун халкквеялдаса рахъун гьечIеблъиялъул.

Гьединго, М.-А. ХIамзатовалъ гьениб бицана районалъул бетIерасул тIадкъаял тIуразариялда сверухъ бугеб ахIвал-хIалалъулги.

Гьелъул рагIабазда рекъон, хIисабкьеял рукIунел руго гьел гIуцIиялъул къагIидаби цIуничIел, гьарурал ишазул хIакъалъулъ хъваялда цIубай гьечIел ва цогидалги гъалатIал гьоркьор ругел. ГIунгутIаби тIагIинари мурадалда, тIоритIулел руго батIи-батIиял консультацияби, семинарал ва цогидалги тадбирал.

М.-А. ХIамзатовалъ бицаралда тIасан ХI. Мусаевас абуна: *«Нужеда бихьула жакъа нилъеца хал гьабулел суалал кIвар бугеллъун рукIин. Бицаралда рекъон, киналниги тIадкъаял тIурараллъун руго, амма гьел, лъикI ва кколеб къагIидаялда, тIуразари берзукь букIине ккола. ТIадкъай тIубазабунин абиялъе гIоло хIалтIи гьабизе бегьуларо. КIвар кьезе ккола жамгIиялгун политикаялъул тадбирал тIоритIиялъул хIакъикъат заманалда лъазабиялде. Цоги, аппараталъул жавабиял хIалтIухъабаздаса дица тIалаб гьабизе буго гIадамал тIаде къабул гьариялъул тIадкъаял тIуразариялъулъ кинаб ахIвал-хIал бугебали»,*-ян.

ТIадехун рехсарал суалазул кIиабилеб суалалда тIасан кIалъайги гьениб М.-А. ХIамзатовалъ гьабуна.

Гьелъ данделъаразе баян кьуна захIматалъул гIадлу-низам цIуниялъулъ бугеб ахIвал-хIалалъул. Гьелъ абуна: *«Гьаб соналъул тIоцебесеб кварталалде дандеккун захIматалъул гIадлу-низам биххиялъул хIужаби гIезегIанго дагьлъана, ракIбацIцIад ва пайдаялда бихьизабураб заман хIалтIизабулезул къадар цIикIкIана. Амма жеги камулел гьечIо гIадлу-низам цIуниялъулъ тасамахIлъи биччалелги.*

*БатIаго абизе бокьун буго жавабиял гIадамал батIи-батIиял данделъабазда гIахьаллъиялъул хIакъалъулъ. Гьеб дагьалъ лъикIлъана, амма руго нухмалъулел хIухьбахъиялде араб яги унтараб заманалда, гьел хисулел данделъабазде рачIунгутIиялъул. Гьедин букIине бегьунгутIиялъул хIакъалъулъ лъазабун букIаниги, гьел хIужаби тIубанго тIагIунел гьечIо»,*-ян.

Марьям-Асиятил кIалъаялда хурхун, районалъул бетIерас абуна: *«Кьурал тIадкъаял тIурачIездасаги захIматалъул гIадлу-низам хвезабулездасаги тIалаб гьабизе ккола щай гьединаб ахIвал-хIал бугебали. Сундулъги жавабчилъи букIине ккола.*

*Цоги, дир тIадкъаял тIуразаричIел гIуцIабазе нухмалъулезул сияхIги гьел тIурангутIиялъе ккарал гIиллабиги дида заманалда лъазе ккола»,*-ян.

Лъабабилеб суалалъул халгьаби нахътIамуна.

Данделъиялъул ахиралда бицен ккана, республикаялъул бюджет гIуцIулеб букIиналдеги балагьун, районалда разе ругел объектазе заманалда гIарцулал сурсатал риччазелъун, документация хIадур гьабиялда тIасанги. Гьединго, гьениб бицана нилъер республикаялда, Запорожьеялъулаб областалъул Михайловскияб районалъе кумек гьабизелъун, республикаялъул фондалде цо къоялъул мухь биччазе букIиналъул, тIадехун рехсараб бакIалде яшав гьабизеги хIалтIизеги ине бегьулеблъи районалъул гIадамазда лъазабиялъул хIакъалъулъ.

Ункъабилеб суалалда сверухъ хиса-басиял, цебесеб хал гьабиялде данде ккун, гьечIеблъи хIисабалдеги босун, гьелъул халгьаби нахътIамуна.

***МухIамад-Шарип ГIабдулашимов***

Гьаб номералда нужеца цIализе бегьула

гьум. 2 КIиабизеги районалде вачIана

гьум. 3 ЗахIмат букIаниги...

гьум. 4 Прокуратура информирует

# ГӀадамал къабул гьаруна

Дагъал церегӀан къояз районалъул бетӀер ХӀажимурад Мусаевас гӀадамал къабул гьариялъул иргадулаб тадбир тӀобитӀана.

ГӀадамазул суалал минаби, туристазе объектал разе ракь кьеялда, газ бакӀ-бакӀаз-де бачиналда, нухда хьвадиялъе, хасго лъималазул ахазда сверухъ хӀинкъигьечӀолъи чӀезабиялда хурхарал рукӀана.



Гьединго, гьениб бицен ккана, цо чанго моцӀалъ СВОялда гӀахьаллъулелгун бухьенги гьоркьоб къотӀун, гьезул хӀалкъикъат лъазабизе кумек гьабеян рачӀарал гӀадамалгун.

Гьеб дандчӀваялда гӀадамазул киналниги суалал хъвай-хъваялде росана ва гье-зие, законалда бихьизабураб къагӀидаялда, жаваб кьезе буго.

# КӀиабизеги районалде вачӀана

Нижеца газеталда (№25-26,07.07.2023 сон, 5 гьум.), *«Россиялъул бахӀарчи»* цӀа-ралъе вихьизавуна цӀаралда гъорк, СВОялда гӀумруялдаса ватӀалъарав Ленинау-лалдаса Юнус Жамаловасул командир Иван Жолобов нилъер районалде щвеялъул ва гьес бицаралъул хӀакъалъулъ хъван букӀана.



Гьале, гьоркьор къоял иналде, И. Жолобов кӀиабизеги районалде щвана. Гьесул мурадлъун букӀана СВОялда гӀумруялдаса ватӀалъарав ва чӀаго вугеб заманалда жин-дие кьезе бихьизабураб *«Рагъулал тӀокӀлъабазухъ»* медалалъе мустахӀикълъарав Ле-нинаулалдаса Расул Идрисовасул медаль инсухъе (МухӀамадбасир Идрисов) кьей.

Гьеб кьеялда гӀахьаллъана районалъул бетӀер ХӀ.ХӀ. Мусаев ва депутатазул Соб-раниялъул председатель Гъ.М. Гьирисханов.

Гьениб ХӀ. Мусаевас абуна: *«Нилъер гӀолилаз хъулухъ гьабулеб рагъулаб часта-лъул командир кӀицӀулго гьаниве щвеялъ бихьизабула районалъул гӀолилазул цӀикӀкӀараб къимат гьабулеб букӀиналъул ва гьез, къадру- къимат цӀунун, тӀадал ишал тӀуралел рукӀиналъул»*, -ан.

ХӀ. Мусаевас районалъул гӀолилазул тӀалаб-агъаз гьабиялъухъ И. Жолобовасе ракӀ-ракӀалъулаб баркала загьир гьабуна. М.-б. Идрисовасги, гьоболасе баркалаги кьун, гьев росулъ гӀуцӀараб бахӀарзазул аллее бихьизе вачана.

Гьеб дандчӀвай цадахъаб сурат бахъиялдалъун ахиралде щвана.

***8 июль-хъизаналъул, рокьул ва цоцазе ритӀухълъиялъул Къо!***

# Байрамалда хурхун...

ТӀадехун рехсараб къоялда хурхун, нилъер улкаялдаго тӀоритӀула батӀи-батӀиял тадбиралги дандельабиги. Гьединал тадбиразул цояблъун букӀана 8 июлалда Дилим росулъ тӀобитӀараб дандчӀвайги.



Тадбиралда гӀахьаллъана РДялъул руччабазул Союзалъул председатель Интизар Мамутаева, миллияб политикаялъул министерствоялъул отделалъул начальник Хасайбат Валиева, Хасавюрталъулгун нилъер районазул руччабазул советазул председателал: Асият Арсланханова ва ПатӀа Айтемирова.

Гьел щвана СВОялда гӀумруялдаса ватӀалъарав, *«БахӀарчилъиялъул»* орденалъул кавалер Дилим росулъа Муслим ГӀалиевасул хъизаналъухъе.

Гьез Муслимил лъималазе сайгъаталгун расанкӀабиги 8 июль жив гьавураб къолъун кколев гьесул вас МухӀамадие хасаб сайгъатги кьуна.

Лъималазе сайгъатал, районалъул бетӀер ХӀ.ХӀ. Мусаевасул рахъалдасан, ад-министрациялъул аппаратальe нухмалъулей Марьям-Асият ХӀамзатовалъги кьуна.

***«Салатавия» сеталъулаб издание***

# АТКялъул комиссиялъул данделъиялда

6 июлалда районалъул администрациялда тӀобитӀана терроризмалде данде къеркьеялъул комиссиялъул иргадулаб данделъи.

ХӀ. ХӀ. Мусаевасул нухмалъиялда тӀобитӀараб гьеб тадбиралда гӀезегӀанал кӀвар цӀикӀкӀарал суалазул хал гьабуна. Газета цӀалулел цо-цоязул суалал раккулел руго аппараталъулги, активалъулги, комиссиябазулги данделъабазул хӀакъалъулъ гу-рони, цогидал макъалаби щай нужеца хъвалел гьечӀелан.

БичӀчӀине ккола, тӀоцебесеб иргаялда, газета районалъул букӀинги гьелъул гӀум руялда хурхарабщинаб нилъее аслияблъун букӀине кколеблъиги. Лъала, гьелда хурхун, гӀезегӀанал *«бегьерал»* суалал раккулеблъиги киналъулго хӀакъалъулъ хъвазе рес рекъолареблъиги.

Кин батаниги, нижеца хӀаракат бахъула районалда ккарал аслиял лъугьа-бахъиназул хӀакъикъат цӀалдолезухъе щвезабизе. Нилъ нугӀзаллъун руго дагьал цереГӀан соназ улкаялда рукӀарал лъугьа- бахъиназе.



Экстремизм, терроризм, наркомания ва цогидалги квешал ишаз нилъер гӀум-руялъулъ кинал хиса-басиял ккезарун рукӀинчӀел?! Дагьалъ гӀодоркьаниги, нилъер лъида абизе кӀолеб гьел тӀубанго тӀагӀанин?

Нилъеда, щибаб къойилин абухъего, рагӀунеб буго улкаялъул бакӀ-бакӀазда чӀвай-хъвеялъул хӀужаби, цӀалдохъабазде, студентазде тӀадекӀанцӀиял кколел рукӀин.

Нилъер гӀолилазда гьоркьоб жидерго идеология тӀибитӀизабиялъе гьабичӀого толебги щиб бугеб батӀи-батӀиял цӀаразда гъорк хӀалтӀулел гӀуцӀабаз? Нилъер гӀолилал мекъаб нухде цӀаялъе гьез гьабулеб хӀалтӀи цо минуталъги гьоркьоб къо-тӀулебги гьечӀо.

Цересел соназ букӀараб гӀадинаб ахӀвал-хӀал гьечӀониги, нилъеда кӀочене бегьуларо бокьараб заманалда экстремизмалдагун терроризмалда хурхарал ишал нилъер районалдаги ккезе бегьулеблъи. Гьебги лъикӀ бичӀчӀунин районалъе нухмалъулезги гьел жидеде кколел гӀуцӀабазги, гьоркьобкъотӀи гьечӀеб хӀалтӀи гьабулеб бугебги.

Рехсараб тадбир рагьиялъул кӀалъаялда ХӀ. Мусаевас данделъаразул кӀвар буссинабуна нилъер диналда билълъанхъараблъун кколареб исламияб идеоло-гия тӀибитӀиялде данде чӀезе кколеб букӀиналде, ВатӀаналъул бакӀ-бакӀазда кколел лъугьа-бахъинал рехсараз жидерго мурадал тӀураялъе хӀалтӀизарулел рукӀиналде ва гьеб идеологиялде дандечӀеялъе цадахъабгун гьоркьобкъотӀи гьечӀеб хӀалтӀи гьабизе тӀадаб букӀиналда.

Экстремизмалъулгун терроризмалъул идеологиялъулъе ккарал, законалде данде ккоралел яргъидгӀуцӀарал тӀагӀинарурал яги гьел тамихӀалде цӀарал хъиза-бигун профилактикаялъулал тадбирал тӀоритӀиялъул хӀакъалъулъ гьениб бицана ОМВДялъул полициялъул участковыязул отделалъулгун балугълъиялде рахинчӀезда гьоркьор ишал гьариялъул подразделениялъул начальник Рустам ГӀалисултановас ва жамгӀияб хӀинкъигьечӀолъи цӀуниялъул рахъалъ районалъул администрациялъул бетӀерасул заместитель Басир Нуцаловас.

Гьединго, Рустамица гьениб, законалде данде ккolареб къагӀидаялда, гӀадамал гочариялда сверухъ гьабулеб хӀалтӀулги бицана. Нилъеда лъала, хӀинкъигьечӀолъи букӀинабиялъул рахъалъ, лъайкьеялъул, лъималазул ахазул гӀуцӀабазде бищунго цӀикӀкӀараб кӀвар кьолеб букӀин. Риидалил заманалда лъималазул ахазда, цӀал-дохъабазе хӀухьбахъиялъе гӀуцӀарал лагеразда ва гӀемерал гӀадамал ракӀарулел цогидалги бакӀазда, цоги заманалда дандеккун, жеги цӀикӀкӀарал чӀаголъиги багъа-бачариялги рукӀуна. Гьеб заманалда гьенир терракталал ва цогидал заралиял ишал гьаризе ресазул къадарги гӀемерго цӀикӀкӀуна. Гьедин букӀунгутӀиялда сверухъ тӀоритӀарал тадбиразул, гьеб рахъалде кьолеб бугеб кӀвараълул хӀакъалъулъ гьениб бицана лъайкьеялъул управлениялъул начальник МухӀамадрасул МухӀамаевас.

Гьенибго бицен ккана туристал ракӀарулел бакӀазул терроризмалде дандечӀея-лъул паспортал хӀадур гьаризе ккеялъул. Алмахъ ва Хубар росабазул администра-циябазул вакилзабазги баян кьуна жидер росабалъ терроризмалъул идеологиялде дандчӀеялъул план тӀубазабиялда сверухъ гьабулеб бугеб хӀалтӀул.

КӀалъазе рахъаразухъ гӀинги тӀамун, АТКялъул членаз къотӀи гьабуна, рехсараз бицараб хӀисабалдеги босун, терроризмалде дандчӀеялъул тадбирал, цадахъ рекъон ва гьеб суал жидеде кколел гӀуцӀаби гьоркьореги цӀан, гьоркьобкъотӀи гьечӀого, тӀоритӀизе, гьелъие батӀи-батӀиял къагӀидаби хӀалтӀизаризе ва хӀалтӀи гучӀлъизабизе. Гьединго, АТКаялъул хӀукмаби бетӀераларде рахъинариялда хадуб хал ккезе бигьалъиялъе гӀуцӀун буго хасаб план-графикги. Гьенир рехсон руго хал гьабиялде росулел суалал тӀадкъарал хӀалтӀулхъаби ва гьел тӀуразе кколеб заман.

Республикаялъул, районалъул АТКязул хӀукмаби бетӀераларде рахъинариялда сверухъ гьабураб хӀалтӀул гьениб бицана Б. Нуцаловас. Гьес абуна: *«ХӀисабкьея-лъул заманалда жаниб рехсарал хӀукмабазул бетӀераларде рахъинаричӀел гьечӀо, гьел тӀуразариялъулъ гӀадлу-низам хвезабиялъул хӀужабиги рукӀинчӀо.*

*Цого, киналниги хӀукмаби тӀуразариялъе бихьизабураб заманалда гьел бетӀе-раларде рахъунел гьечӀони, бадичӀваял гьаризеги цӀидасан гьезда тӀад хӀалтӀеян лъа-забизеги кколеб буго»*,-ян.

***МухӀамад-Шарип ГӀабдулашимов***

*Инсан ва гIумру*

# ЗахIмат букIана, амма...

Нилъер районалъул *«Чапар»* газеталда гIемер хъвала чIахIияб гIелалъул гIадамаз нахъа тараб гIумрудул нухалъул хIакъалъулъ, гьеб битIарабги буго, щай абуни, гьедин гьабиялъ рес кьола гьезул мисалазда гIолеб гIел куцазе ва гьезда умумузул тарих лъазабизе.

Араб гIасруялъул 20-аб. соназдаса байбихьун, рижарал нилъер гIадамазул, килщазда рикIкIунеб къадар гурони, хутIун гьечIо. Гьез жидерго гIумрудул хIакъалъулъ бицунеб заманалда ракI гъанцIула, гьедин букIине ресго букIанищан щакдаризецин бачIуна, амма гьезул рекIел хIалалъ, щакърахун гьабулеб биценалъ щаклъиялъул пикраби щущахъ риххизарула. Улкаялдаго, цоцазда хадурго цун, ккарал лъугьа- бахъиназул хIасилалда, (хIуригат бахъи, гражданияб рагъ, советияб власть гIуцIи ва гь.ц.) бокьарав чиясе хIукуматалъ хьвадизабулеб политика бичIчIине цIакъ захIматаблъун лъугьун букIана.

Узухъда, политиказда дандчIвалел захIмалъабаз, тIоцебесеб иргаялда, гIадатиял гIадамазда кьабиги щвезабулеб букIана. Нилъеда гьоркьор ругел чIахIиял гIадамазул, аслияб къагIидаялда, гIумрудул байбихьи данде ккана (1930-1940с.) Советияб власталъ колхозал гIуцIулеб, фабрикал, заводал, электростанциял ва цогидалги бакIал ралел замангун. Гьеб букIана гIорцIизегIан кваназе квенги черх бахчизегIан ретIелги щолареб заман.

Гьай-гьай, гьеб заманалда гьаруразул лъимерлъиги букIинего букIинчIин абизе бегьула. ГьитIинаб заманалдаго тIамулаан доб заманалъул гIелалъ захIматалъулъе гали. ТIадехун рехсаразул сияхIалъулъ, ракIчIун, рехсезе бегьула Дилим росулъа Хайрула Темирханов (гьесда росдал гIадамаз *«Ахъбикал Дада»,* -ян абула).

Хайрула гьавуна 1935 соналъ. Гьесул лъимерлъи ва гIолил ригь ккана КIудияб ВатIанияб рагъда цереселгун хадусел соназде данде. Гьесул эмен, репрессиязул квачIикьеги ккун, тIагIана ва



Хайрулалги вацасулги ургъел эбелалъул кIигъуждузда тIад бегана. Тарихалъулъе лъугьунезда лъала гьел сонал кинал рукIаралали.

Узухъда, гьеб заманалда цогидазда бихьараб гIакъуба-къварилъи, захIмалъи Хайруладаги бихьичIого хутIичIо. Цоги, гьанир рехсезе бокьилаан гьадинал хIужабиги: Хайрулае гьитIинаб къоялдаса бокьулаан спорт, гьелъул тайпабазулъ хасаб бакI кколаан волейболалъ. Гьелъулъ гьес гIадин, торгIо хIалтIизабулеб букIараб цо къагIида (гьелда *«крюк»*,-ан абулаан) бажарулел гIемер рукIинчIо. Гьеб къагIидаялъ рес кьолаан дандиязул площадкаялъул цебесеб хIуччалда торгIо речIизабизе ва гьелда данде чIезе цIакъ захIмат букIунаан. БукIараб гара- чIвариялда гьес ракIалде щвезаруна дол соназ лъикI волейбол хIалел рукIарал Уланбег Уланбегов, ГIалибег ГIумаров, МахIмуд МахIмудов (Цидук), ГIабдурапил МухIамадтIагьиров, ХIабиб ГIазаев (ж.м.ч.) ва цогидалги.

ГьитIинаб къоялдаса рихьарал гIакъубалгун къварилъабаз, захIматалъ ва спорталъ лъадарарав Хайрула гIумрудулъ дандчIвалел захIмалъаби къезаризе бажарулевлъунги тIаде бачIараб къо хIехьолевлъунги гьавуна. Кинго ракIалдаса унаро гьес унтарай лъадиялъе гьабулеб букIараб хъулухъалъул росдал гIадамаз бицунеб букIараб заман.

Хайрула ккола районалъул чIахIияб гIелалъул гIадамазда цIакъ лъикI лъалев, бакIал раялъул устарасул, киномеханикасул ва цогидалги махщелазул бетIергьанчилъун вукIарав ГIабдулхIалинил вацлъун.

Хайрулагун дир букIараб дандчIваялда гьес бицана: *«Доб заманалъул киназулго гIадинаб букIана дир гIумруги. Школалда 9 класс лъугIун хадусан, дун Советияб Армиялъул мухъилъе ахIана. Гьенир дица шофёрзабазул курсал лъугIизаруна. ТIадаб налъиги тIубан, тIадвуссиндал дун Чирюрталъул ГЭС балелъув шофёрлъун хIалтIизе лъугьана. Гьениса гIагараб росулъе тIадвуссана ва дица дол соназ нилъер, Гумбет, ЦIияблак районазда гьоркьосеб военкоматалъул шофёрасул хIалтIи тIаде босана.*

*Араб гIасруялъул 60-абилел соназ дица, лъай борхизаби мурадалда, къа- сисеб гьоркьохъеб школа лъугIизабуна. 1970-абилел сонazде щвезегIан батIи-батIиял гIуцIабазда шофёрлъун хIалтIана. Ракьбагъари ккун хадусан (1970 сон) ункъо соналъ культураялъул отделалъул шофёрлъунги хIалтIана. 1975 соналъ дун цIализе ана Орджоникидзе (гьанжесеб Владикавказ) шагьаралда рукIарал бакIал ралезул лъагIалил курсазде ва, гьелги лъугIизарун, нилъерго «Межколхозстрой» гIуцIиялда мастерлъун хIалтIизе лъугьана.*

*Хадусан «ПМК-782» гIуцIияда хIажатаб къайи-цIа чIезабулесул (снабженец) хIалтIи тIаде босана. Гьелда хадусел соназ, 1995 соналъ хIалхьиялде инегIан, дун военкоматалда дежурныйлъунги райисполкомалда хъаравуллъунги хIалтIана»*,-ян. Гьеб киналъулгоги бицун, Хайрулаца, жиндиего хасиятаб махсаро-хочIги гьабулаго, абуна: *«Дир хIакъалъулъ хъвараб цIаларал киназулго ракIазде ккезе бегьула, умумузул абиялда рекъон, «Бусен хIачараб гъедуялъ кинниги, гьас хIалтIул бакIал щай хисулел рукIаралан. Дие цIакъ бокьулаан бакI-бакIал рихьизе, батIи-батIиял гIадамалгун дандчIвазе ва хIалтIи гIуцIиялъул рахъал лъазаризе. Гьедин букIиналъ дун батIи-батIиял гIуцIабаздаги хIалтIана.*

*Дида гIемераб квешабги лъикIабги бихьана, амма бищунго инсанасул чорхое зарал кьолеблъун дида халатаб заманалъ ургъалилъ вукIин батана. Ургъел ккечIого букIунаро, амма хIаракат бахъизе ккола гьеб нахъчIвазе. Гьелъие сабаблъун дида рекIелъ аваданлъи ккей, махсаро-хочI хIалтIизаби ва гIадамазда гьоркьов вукIин батана.*

*Гьале, кин араб лъачIого, ана заман. Гьанжеги бокьилаан гIадамазда гьоркьов вукIине, амма гьелъие сахлъиялъ рес кьолеб гьечIо. Щиб гьабилеб, нилъ гьединаллъун рижун руго ва гьелдаса батIияб нух нилъее кьун гьечIо. Дицаги лъади ХIайбатицаги (ж.м.ч.) (гьелда гIадамаз «Ажай»,- ан абулаан) 9 лъимер гIезабуна, гьезул цояб гIумруялдаса батIалъана, 8-гоял жиде-жидер магIишатазда руго ва гьабсагIаталда дун васасда асклов вуго.*

*Кивехун хIалтIизе кканиги, дица гьеб ракIбацIцIад тIубазабулаан. Гьелъухъ дун министерствабазул, гIуцIабазул грамотабаздалъунги Баркалаялъул кагътаздалъунги цо чанго нухалда кIодоги гьавуна.*

*Дун захIматалъул ветеранлъунги репрессиялде ккаразул ирсилавлъунги ккола.Дир гIумрудул 88 сон гIолеб буго. Узухъда, гIемераб квешабги лъикIабги бихьана. Щиб гьабилеб, къисматалъ хъвараллдаса рорчIизе бакI нилъее гьечIо, Аллагьас лъикIаб хъван батагиян маслихIаталда рукIин гуреб, гьанже цогидаб хутIун гьечIо»*,- янги абун, Хайрулаца бицунеб лъугIизе тана/

**Эсенай Идрисов, Дилим росу**

# Тюменалдаса гьалбал

Ахирияб заманалда тIолабго Россиялда улкаялъул тарихалъулъ ккарал кIвар цIикIкIарал лъугьа-бахъиназда, машгьурал гIадамазул юбилеязда, батIи-батIиял байрамазда ва цогидалги рахъазда хурхинарурал сонал лъазарулеблъиги гьезда хурхун тадбирал тIоритIулел рукIинги лъаларел гIадамал ратиларо. Районцоязда цIакъ лъикI лъазе ккола, Россиялъул президент В.В.Путинил Указалдалъун, 2023 сон Расул ХIамзатовасул Сонлъун лъазабун букIин ва, гьелда хурхун, тIолабго пачалихъалда батIи-батIиял тадбирал тIоритIулел ругеблъи. Узухъда, тIоритIула гьел нилъер районалдаги.



Дагьал церегIан къояз нилъер республикаялда тIобитIараб *«МагIарулал»* абураб фольклоралъулгун культураялъул 21-абилеб фестивалалда гIахьаллъана Россиялъул бакI-бакIаздаса коллективал.

Фестивал лъугIун хадусан гьалбал республикаялъул бакI-бакIазде щвезе ана.

Нилъер районалде (4 июлалда) щвезе бачIана Тюменалдаса *«Росстань»* фольклорияб ансамбль. Гьелъул гIахьалчагIазда районалъул культураялъул хIалтIухъабаз гьабураб дандчIвай тIубараб байрамалде сверун букIанин абизе бегьула.

Гьеб дандчIваялда, районалъул бетIерасул рахъалдасан, культураялъул отделалъул начальник Абубакар Ибрагьимовас гьалбазе сайгъатал кьуна.

Гьалбаз гьениб жидерго гьунар бихьизабуна, гьездаса нахъе ккун чIечIо нилъер культураялъул хIалтIухъабиги.

ДандчIваялдаса хадуб, гьалбал районалъул бакI-бакIал рихьизе рачана.

Рихьарал бакIазул берцинлъиялда гьалбал рази рукIин бихьулеб букIана ансамблялъе нухмалъулей, искусствоялъул доктор Лидия Деминалъ загьир гьарурал ва районалъе, гьелъул гIадамазде лъикIабщинаб гьараралгун ракI-ракIалъулаб баркала кьурал рагIабалъ.

РакIчIун абизе бегьула гьеб гьудуллъиялъулаб дандчIвай тIадегIанаб даражаялда нухда анин.

**МахIмуд ДавудхIажиев**

*Ниж-наркоманиялде данде*

# ГIемер бицунеб буго, амма...

Ахирияб заманалда гIемер бицунеб буго гIолеб гIел квешал пишабазде (терроризм, экстремизм, наркомания ва гь.ц.) биччангутIиялда сверухъ, амма гьезда данде гьабулеб къеркьеялъ нилъее хIажатал хIасилал кьолел гьечIо.

Цогидазул пикру дида лъаларо, ракIалде ккола гьезул цIикIкIунисезулги дирги пикру цого батилин, щай абуни, нилъеда бихьулеб буго рехсарал квешал пишабигун гьабсагIаталда гьабулеб хIалтIи гIейгьечIеб букIин. Заман щун гьечIодай терроризм, экстремизм, наркомания ва цогидалги жамгIияталъе цIикIкIараб зарал кьолел пишабазде данде гьабулеб къеркьеялъул къагIидаби хисизаризе, гьел тIиритIизарулезе закон, дагьалъ гуреб, цIакъго (гьединал чIваялде гIунтIун) къвакIизабизе. Гьелда тIад ургъизе цебего заман щун гьечIодай?

Кин бугеб батаниги, тIолабго улкаялдаго гIадин, нилъер районалдаги гIемер тIоритIула рехсарал пишабигун къеркьеялда хурхарал батIи-батIиял тадбирал. Гьединазул цояблъун букIана дагьал церегIан къояз районалъул централияб библиотекаялда тIобитIараб *«гургинаб»* столги.

Гьенир гIахьаллъана районалъул администрациялда цебе гIуцIараб балугълъиялде рахинчIелгун ишал гьариялъул комиссиялъул жавабияв секретарь Муртазали МухIамадов, РУОялъул начальникасул заместитель ХIасан Зубайриев, ОМВДялъул ОУУПялъулгун ПДНалъул начальник Рустам ГIалисултанов, ЖамгIияб палатаялъул председатель ХIажи Адимирзаев, тохтур Хайрула Ибрагьимов, муфтияталъул рухIияб лъайкьеялъул отделалъе нухмалъулев ХIизбула Шейхов, гьелъулго хIалтIухъан МухIамадсалихI Каримулаев ва ЦРБялъул директорасул заместитель МухIамадхIабиб МухIамадхIабибов.



КIалъаял гьаризе рахъараз гьениб бицана *«наркомания»* ва *«наркоман»* рагIабазул аслияб магIнаялъул, жамгIияталъул гьездехунисеб бербалагьиялъул, гьелда данде къеркьеялъул, наркоманиялда хурхарал цогидал квешал рахъазул, наркотиказул цIи-цIиял тайпаби раккулел рукIиналъул ва гьел хIалтIизарулезул къадар цIикIкIунеб букIиналъул.

Гьенир гIахьаллъарал *«ЖамгIияталда цебе чIараб масъалалъун ккола наркомания тIибитIизе биччангутIиялда тIад, цадахъ рекъон, хIалтIи гьаби, гурони, нилъер гIолеб гIелалъул букIиниселда хIинкъи буго»*,- ян абураб пикруялде рачIана.

**Ажабика ГIабдулмуслимова,ЦРБялъул хъулухъгьабиялъул отделалъе нухмалъулей**

# Прокуратура информирует

## Запрет начислять пени по коммунальным услугам и капремонту теперь помогает большему числу граждан

Федеральным законом от 13.06.2023 № 229-ФЗ статья 9.1 ФЗ от 14 марта 2022 года № 58-ФЗ изложена в новой редакции.

Согласно изменениям, с 13 июня 2023 года, от начисления пеней в случае, если за жилое помещение и коммунальные услуги заплатили не в срок и (или) неполностью, освобождены:

- все мобилизованные (на время их военной службы);
- те, кто проходит эту службу в Вооруженных силах РФ по контракту и задействован в специальной военной операции, (на период участия в ней);
- те, кто заключил контракт о добровольном содействии Вооруженным силам РФ во время мобилизации, (на срок контракта);
- члены семей этих и ряда иных граждан (на период для них).

Правило охватывает также пени по взносу на капремонт и касается еще некоторых лиц. Порядок освобождения от начисления пеней определяет высшее должностное лицо субъекта РФ.

Меру поддержки можно применить только к одному помещению по выбору ее получателя.

Ранее послабление действовало лишь для тех, кто заключил контракт о прохождении военной службы из-за мобилизации, и членов их семей. Однако нормы о выборе только одного жилья не было.

Вступили в силу и другие положения. Например, запретили ограничивать и (или) приостанавливать коммунальные услуги для помещения, которое выбрали получатели меры поддержки.

Новшества распространили на отношения, которые возникли с 24 февраля 2022 года.

# Житель Казбековского района осуждён за покушение на дачу мелкой взятки

Мировой суд судебного участка № 116 Казбековского района вынес приговор в отношении местного жителя. Он признан виновным в совершении преступления, предусмотренного частью 3 статьи 30 - 1 статьи 291.2 Уголовного Кодекса Российской Федерации (покушение на дачу взятки лично в размере, не превышающем десяти тысяч рублей).

В судебном заседании установлено, что подсудимый предложил сотруднику полиции вознаграждение в виде денежных средств в размере 1000 рублей, для непривлечения его к административной ответственности за совершенное правонарушение.

Довести до конца свое преступное деяние подсудимый не смог, в связи отказом сотрудника полиции принять взятку.

С учетом позиции государственного обвинителя прокуратуры района, суд назначил осужденному наказание в виде штрафа в размере 10 тысяч рублей.

***Ш.М. Магомедов, помощник прокурора района***

# ОМВД информирует




Одной из основных причин гибели людей на водных объектах является купание в неустановленных местах.

При нырянии в незнакомых местах можно удариться головой, потерять сознание и погибнуть. Детвора устраивает в воде игры, связанные с захватами других пловцов, плавает на бревнах, досках и самодельных плотах. Бесконтрольно купающиеся дети часто допускают переохлаждение тела, испытывают судороги, которые сводят руку, а чаще ногу или обе ноги, что может привести к гибели.

Помните, что на водоемах запрещено:

-купаться в необследованных водоемах, в местах, где выставлены щиты (аншлаги) с надписями о запрете купания;

-купаться в состоянии алкогольного опьянения;

- прыгать в воду с сооружений, не приспособленных для этих целей;

-загрязнять и засорять водоемы;

-плавать на досках, бревнах, лежаках, автомобильных камерах, надувных матрасах;

-приводить с собой животных в места массового отдыха населения на воде;

-управлять маломерным судном лицам в состоянии алкогольного и (или) наркотического опьянения.

Напоминаем, что купание граждан в водоемах, где оно запрещено, одна из основных причин гибели людей. Отдыхая на водоемах, не оборудованных в соответствии с требованиями безопасности, вы подвергаете свою жизнь серьезной опасности! Помните, что обязательное соблюдение всех правил поведения на воде - залог сохранения здоровья и спасения жизни многих людей!

Просим соблюдать вышеперечисленные меры безопасности.

Чаще всего гибель людей на воде происходит по вине самих утопающих, в результате легкомыслия, переоценки сил и возможностей. В результате неумелых действий возникает паника и сковывающий человека страх. Обеспечение безопасного отдыха людей на воде и особенно детей требует от взрослых организации купания и строгого соблюдения правил поведения детьми на водоемах.

Согласно требованиям безопасности не допускаются:

-одиночные, без контроля взрослых, купания детей и просто нахождение их у водоема;

-купание в необорудованных и запрещенных для купания водоемах;

-использование плавсредств, не разрешенных для купания (надувные матрасы, автомобильные камеры и т.п.);

-категорически запрещается проведение любых мероприятий на воде вне пределов видимости и без обеспечения средствами сигнализации, оповещения и связи.

# Сообщение территориальной избирательной комиссии Казбековского района

Руководствуясь пунктами 11, 12 и 14 Порядка формирования резерва составов участковых комиссий и назначения нового члена участковой комиссии из резерва составов участковых комиссий, утвержденного постановлением Центральной избирательной комиссии Российской Федерации от 5 декабря 2012 года № 152/1137-6 (далее – Порядок), территориальная избирательная комиссия Казбековского района сообщает о сборе предложений для дополнительного зачисления в резервы составов участковых избирательных комиссий (далее – УИК), сформированных на территории Казбековского района

Приём предложений осуществляется в период с 21 июля по 10 августа 2023 года соответствующими территориальными избирательными комиссиями (далее - ТИК):

| № п/п | Номера УИК | Адрес территориальной избирательной комиссии |
|---|---|---|
| | 0525-0554 | Республика Дагестан, Казбековский район, село Дылым, ул. Имама Шамиля №5, здание сельхозуправления. |

При внесении предложений и подготовке документов по кандидатурам для зачисления в резерв составов участковых комиссий следует руководствоваться Порядком формирования резерва составов участковых комиссий и назначения нового члена участковой комиссии из резерва составов участковых комиссий, утвержденным постановлением ЦИК России от 5 декабря 2012 года № 152/1137-6, с которым можно ознакомиться на официальных сайтах Центральной избирательной комиссии Российской Федерации и Избирательной комиссии Республики Дагестан в сети *Интернет.*

Ограничений по количеству кандидатур от каждого субъекта права внесения предложений для дополнительного зачисления в резерв составов участковых комиссий не устанавливается.

В резерв составов участковых комиссий не зачисляются кандидатуры, подпадающие под ограничения, установленные пунктом 1 статьи 29 (за исключением подпунктов «ж», «з», «и», «к» и «л») Федерального закона «Об основных гарантиях избирательных прав и права на участие в референдуме граждан Российской Федерации».

***Территориальная избирательная комиссия Казбековского района***

# Жители Дагестана чаще используют удобные дистанционные сервисы для оплаты за газ

Дистанционная оплата газа в *«Личном кабинете абонента»*, в приложении *«Мой Газ»* и *«Газ Онлайн»* завоевывает новых сторонников.

**Каждый пятый потребитель** газа в Республике Дагестан перешёл на удобное дистанционное управление своим лицевым счётом в *«Личном кабинете абонента»*. Число зарегистрированных пользователей ежемесячно увеличивается, а это значит, что *«Личный кабинет абонента»* доказывает свою востребованность и эффективность.

Дистанционный сервис многофункционален и прост в использовании. Преимущества-оперативность и доступность. Абоненты оценили возможность круглосуточного внесения оплаты за потребленный газ, передачи показаний приборов учета газа, доступа к информации лицевого счета в режиме онлайн, что делает расчёты за потреблённый газ понятными для абонентов. Для многих новых зарегистрированных пользователей *«Личного кабинета»* важным преимуществом стала оплата за потребленный газ без комиссии.

**Справка**: Приложения для оплаты газа онлайн доступны в App Store, RuStore и Google Play. Приложение для оплаты газа под названием *«Газ онлайн»* для пользователей устройств Apple теперь можно скачать в App Store. В нем, как и ранее в приложении *«Мой Газ»*, можно оплатить газ и передать показания газового счетчика, увидеть сумму задолженности и дату поверки прибора учета газа

Для пользователей приложения доступны вкладка взаиморасчеты, расшифровка и статистика оплат, а также формирование квитанции.

Для пользователей устройств на базе Android по-прежнему доступно приложение *«Мой Газ»*. Важно, что в приложениях оплата за газ проводится **без комиссии.**

**БетIерав редактор:**
И.Б.Салимханов
55-48-94
**Жавабияв секретарь:**
М.-Ш.Э. ГIабдулашимов

**Мухбирзаби:**
И.Р. Идрисов, Д.К. Батиева,
М.З. ДавудхIажиев
**Набор:** М.М. ХIайбаева
**Верстка:** М.А.АтавхIажиева
ва З.ХI ХIасанова
**Фотокорреспондент:**
М.-гI.ХI.ХIамидов

**Газета бахъизе байбихьана 1933 соналъул 15 апрелалда**
Типографиялъул адрес:
367032, РД,
МахIачхъала шагьар,
Насрутдиновасул проспект,1А

**Газета хIадур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда.**
Графикалда рекъон, печаталде кьураб заман 16.00
ХIакъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00

**Учредитель:** администрация МР "Казбековский район"
Редакциялъул (издательст-воялъул) адрес: РД, Казбек район, Дилим росу, 368140,
**Индекс:** 51354 Тираж-1275,
багьа-эркенаб

**Газета зарегистрирована в Управлении Роскомнадзора по РД 19.05.2014 г. серия ПИ № ТУ 0500290**

**Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола**